



The Public Schools of Brookline

333 Washington Street, 5th Floor
Brookline, Massachusetts 02445
617.730.2401

Andrew J. Bott
Sipè-Entandan

3 desanm 2018,

Chè fanmi yo,

Avèk mwa ivè yo ki deja rive sou nou, mwen vle pwofite okazyon sa a pou raple w tout mezi nou pral pran pou enfòmasyon sou tout anilasyon lekòl oswa ouvèti ki retade ki gen rapò ak tan an, epi pou endike ou nan ki kontèks desizyon pou fèmen lekòl la te pran nan ka gen yon tanpèt ivè.

Nan ka yo prevwa move tan, nou travay nan tèt kole ak responsab travo piblik ak otorite sekirite piblik nan Brookline yo pou detèmine si wi ou non anilasyon oswa retade lekòl la jistifye. Nan travay ansanm, nou siveye ak anpil atansyon enfòmasyon previzyon meteyolojik ki soti nan Sèvis Meteyolojik Nasyonal la. Si yo prevwa gwo ak fòs tanpèt la ak yon gwo degre sètitud, lè sa a, nou ap pran desizyon pou fèmen lekòl la a 8:00 pm nan aswè anvan jou lekòl. Si previzyon meteyolojik yo mwens sèten, lè sa a, nou rete tann epi pran yon desizyon (si gen youn) pa pita pase 5:30 am.

Aprè finisman yon tanpèt ivè, Depatman Travay Piblik (DPW) nan Brookline ap kòmanse travay imedyatman pou rann wout yo sekirite epi aksesib nan vil la. Anplis de retire nèt nan wout yo, nou konte sou DPW pou netwaye nèt ki nan pakin lekòl ak twotwa yo ki nan alantou lekòl nou an pou pwofesè yo ka pake e elèv yo kapab ale lekòl san danje. Tou depann de lè tanpèt la fini, pafwa netwayaj sa a kapab kontinye nan yon dezyèm jou ki lakòz lekòl la oblije fèmen pou yon jou sipleman pou ekip DPW a kapab travay san danje epi san kontrent. Vil la kapab deklare tou yon entèdiksyon pou pakin, sa ki ap afekte desizyon nou an si n ap fèmen oswa pa fèmen lekòl la.

N ap kontakte w sèlman si gen yon desizyon ki pran pou fèmen lekòl la oswa pou retade ouvèti lekòl la. Yon fwa ke desizyon sa a pran, nou ap avize patnè medya nou yo, afiche enfòmasyon an sou sit entènèt nou an, poste yon mesaj sou kont Twitter ak Facebook nou yo, epi voye notifikasyon an dirèkteman bay fanmi nou yo ak pèsònèl yo atravè apèl telefònik ak imèl otomatik. Tanpri w ap jwenn lyen yo ki mennen nan sous sa yo anba:

| | |
|--------------------|--|
| Sit entènèt | www.brookline.k12.ma.us |
| Twitter | @BrooklinePublic |
| Facebook | www.facebook.com/BrooklinePublicSchools |
| Radyo | WBZ (1030 AM) |
| Televizyon | WBZ (Channel 4) www.wbz.com |
| | WCVB (Channel 5) www.wcvb.com |
| | WHDH (Channel 7) www.whdh.com |
| | WBTS (Channel 10) www.nbcboston.com |
| | WFXT (Channel 25) www.boston25news.com |
| | New England Cable News www.necn.com |

N ap pataje enfòmasyon sou yon ouvèti ki retade menm fason an pou yon anilasyon. Si ouvèti lekòl la dwe retade, nou atann ke elèv yo ap rive nan lekòl la oswa nan estasyon otobis la oswa de (2) èdtan apre lè nòmal ki pwograme yo, an fonksyon dire reta yo te anonse a. Konpayi otobis nou yo ak brigadye yo ap konnen reta a epi yo pral re-òganize orè yo kòm sadwa. Elèv lekòl segondè yo dwe ale nan paj 51 [BHS Playbook](#) la pou konnen orè klas yo nan ka ouvèti lekòl la retade.

Ou ka panse tou pou rantre nan *Alert Brookline* (sistèm notifikasyon dijans) pou resevwa notifikasyon enpòtan nan Vil Brookline konsènan sitiyasyon ijans ki kapab afekte moun ki rete nan Brookline yo: <https://brookline.bbcportal.com/>

Kòm dabitid, priyorite nou se pou asire sekirite elèv ak pèsònèl yo ak pataje alè enfòmasyon konsènan anilasyon oswa ouvèti lekòl ki retade.

Sensèman,



Andrew J. Bott
Sipè-Entandan